



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL, OTORITE PÒTYÈ NEW YORK & NEW JERSEY AK DELTA AIR LINES ANONSE OUVTI NOUVO TÈMINAL C DELTA NAN LAGUARDIA AIRPORT, K AP POTE YON TOU NOUVO LGA KI PRÈSKE FINI

Ouvèti Tèminal 4 milya dola vle di ke chak pasaje nan Ayewopò LaGuardia pral sèvi ak enstalasyon klas mondyal nan premye nouvo gwo ayewopò nasyon an pandan 25 ane

Nouvo Tèminal C agrandi a, prèske doub nan gwosè de tèminal li ranplase yo, fenèt ki soti atè rive nan plafon, Teknoloji 21èm syèk ak konsesyon ki enspire lokalman

An patenarya ak Queens Museum, zèv atis pèmanan sijestif pa atis lokal yo mete aksan sou istwa imigran ak divèsite kiltirèl New York

Foto nouvo Tèminal C a yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul, Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè (Port Authority) New York ak New Jersey a Rick Cotton ak Direktè Egzekitif Jeneral Delta Air Lines lan Ed Bastian te anonse jodi a ouvèti nouvo Tèminal C Delta a, ki make finisman konsiderab yon tou nouvo Ayewopò LaGuardia (LaGuardia Airport, LGA) ki koute 8 milya dola jis sis ane apre kòmansman konstriksyon an. Ouvèti Tèminal C a nan dat 4 jen, ansanm ak finisman nouvo Tèminal B a nan kòmansman ane sa a, vledi ke chak pasaje, eksepte moun k ap vwayaje nan Tèminal Air Marine istorik la, pral eksperimente nouvo enstalasyon ayewopò klas mondyal yo lè y ap soti oswa lè y ap rive nan ayewopò a. Pou yon pri 4 milya dola - ki gen ladan yon envestisman 500 milyon dola pa Otorite Pòtyè a pou nouvo wout ak enfrastruktir sipò -- Tèminal C reprezante pi gwo envestisman Delta te janm fè nan yon etablisman ayewopò. Avèk etap enpòtan jodi a, k ap vini sèlman kèk mwa apre Gouvènè a te selebre finisman nouvo Tèminal B ayewopò an nan mwa janvyè, yon Tou Nouvo Ayewopò LaGuardia vin tounen premye gwo nouvo ayewopò nasyon an nan plis pase 25 ane.

"Transfòmasyon Ayewopò LaGuardia an yon destinasyon klas mondyal ki gen rekonesans entènasyonal pou bote li se yon pati antye nan vizyon konsekan nou an pou yon nouvo epòk nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ouvèti Tèminal C 4 milya dola Delta a pral ede bay pasaje yon eksperyans modèn, fasilite koneksyon ak

kreye enpresyon dirab. Konpliman pou tout moun ki te rann etap enpòtan jodi a posib antan n ap kontinye kreye yon ayewopò LaGuardia tou nèf ki apwopriye a New York."

Yon Nouvo Eksperyans Tèminal C ki tabli estanda pou vwayaj ayeryen modèn

Nan 1.3 milyon pye kare, nouvo Tèminal C modèn lan pral 85 pousan pi gwo pase de tèminal I ap ranplase yo - sa k ap konsolide aksè ak 37 pòtay atravè yon sèl sal arive ak depa 21èm syèk. Toupatou nan tèminal la, fenèt ki soti atè rive nan plafon asire li plen ak limyè natirèl lajounen. Tèminal C te fèt pou efikasite ak vitès optimal, sa ki pèmèt vwayajè yo navige ale ak soti nan pòtay yo byen vit ak yon fason entwitif, lè yo itilize dènye teknoloji yo tankou depo bagaj a men lib ak kapasite tès depistaj Digital ID. Yon bilding pou fè anrejistremant bò twotwa a pral pèmèt pasaje ki deja anrejistre yo ale nan zòn depistaj sekirite a pi vit. Sal depa a gen 36 kontwa pou enskripsyon sèvis konplè, 49 kyòs lib sèvis ak 16 kontwa pou depoze bagaj. Yon zòn sekirite ki pi gwo ak konsolide pral genyen 11 liy depistaj ak plas pou senk liy adisyonèl alavni, ak teknoloji dènye kri pou akselere tès depistaj pandan y ap priyorize sekirite pasaje yo. Siyal dinamik liy TSA ki montre tan datant pasaje yo ak pèmèt zòn liy yo ajiste selon demann pasaje yo. Nan nivo arive, pasaje yo pral kapab rekipere bagaj yo nan youn nan senk karousèl bagaj yo. Gen 13 twalèt nan nouvo tèminal la, tout ki gen antre, lavabo ak sechwa men san kontak.

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a, Rick Cotton, te deklare, "Nan yon mo, nouvo Tèminal C a bèl anpil - yon bèl bijou achitektirèl ki lajman depase enstalasyon yo li ranplase nan gwosè, estil ak fonksyonalite. Li reprezante vwayaj ayeryen 21èm syèk ki se klas mondyal nan tout aspè - ki kounye a yo ka di nan tou nouvo Ayewopò LaGuardia a, ke sis ane de sa te pami youn yo te pi vilipande nan nasyon an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li, tout ekip Delta a pou efò infatigab yo ak anpil anplwaye Otorite Pòtyè yo ki te kolabore pou fè nouvo ayewopò klas mondyal sa a vin yon reyalyte. Jodi a pwouve sa rejyon nou an ka akonpli lè nou reyèlman mete volonte kolektif nou kanpe dèyè yon objektif anbisye konsa."

Direktè Egzekitif Jeneral Delta a, Ed Bastian, te deklare, "Jodi a make yon nouvo kòmansman pou kliyan ak anplwaye Delta yo nan sant LaGuardia nou an ak ouvèti nouvo tèminal remakab sa a. Sa fè plis pase yon deseni depi Delta te angaje l pou l grandi - ak genyen - nan New York, epi nou te enkondisyonèl nan efò nou yo pou nou vin konpayi ayeryen ki nimewo 1 nan Vil New York. Se gras ak 10,000 moun Delta ki baze nan New York yo ke nou te kapab investi prèske 7 milya dola nan ayewopò New York depi 2010, delivre pwodwi ak eksperyans kliyan New York nou yo merite, epi vin yon pati nan tisi New York kominote la sa vle di anpil pou anpil nan nou."

Prezidan Otorite Pòtyè a, Kevin O'Toole, te deklare, "Otorite Pòtyè a rete totalman angaje nan amelyore eksperyans kliyan li yo ak enstalasyon li yo nan tout reyon an, epi isit la nan Ayewopò LaGuardia nou ap wè sa a pran fòm nan yon fason ki vrèman remakab ak enspiran. Konsepsyon Tèminal C Delta kreye yon anviwònman klere, akeyan pou vwayajè yo, liy ayeryen yo ak anplwaye ayewopò yo. Tout ekip LaGuardia a nèt te travay san pran souf pou bati yon ayewopò klas mondyal epi nou pa ta ka pi fyè."

Seleksyon enspiran nan konsesyon prezante mak lokal ak mondyal yo

Tèminal C ki fini an pral genyen 80 pousan anplis espas konsesyon pase ansyen tèminal Delta yo ak 95 pousan nouvo konsesyon sa yo ki sitiye apre sekirite, sa ki pèmèt pasaje yo achte ak manje pandan y ap tann vòl yo. Konsesyon yo pral gen ladann favori lokal yo an patenarya ak OTG tankou, Bubby's, Sunday Supper Trattoria, Chuko Ramen Poppy's Bagel ak Starbucks pandan Stellar Partners pral founi magazen espesyalize ki vann an detay tankou Buzzfeed News/, Beekman 1802, MAC, Le Labo, Briggs & Riley, Patricia Nash, Beekman ak True to New York. Tèminal C pral ebèje tou nouvo ak pi gwo Delta Sky Club nan sistèm lan, ki bay plis pase 34,000 pye kare lè yo fini pou detann ak rechaje, ak chèz pou prèske 600 envite.

Zèv atistik piblik sansasyonèl selebre divèsite Queens ak New York

Zèv atistik piblik ki te òganize pa Queens Museum pou reflekte divèsite kiltirèl Queens pral salye pasaje yo pandan y ap deplase nan ayewopò an. Sis zèv yo se kreyasyon atis Mariam Ghani, Rashid Johnson, Aliza Nisenbaum, Virginia Overton, Ronny Quevedo, ak Fred Wilson. Travay yo genyen ladan eskilti ak penti miral an seramik, ki pral pakouri espas antre ki ranpli ak limyè epi ki gen plizyè etaj nan batiman an, epi ansanm ak zòn reklamasyon bagaj yo ak lòt zòn yo toupatou nan tèminal la. Chak zèv atistik rakonte yon istwa konvenkan sou istwa imigran vil la, moun li yo, ak enpòtans pou selebre divèsite atravè rejyon an.

Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare, "Pi gwo vil nan mond lan merite yon ayewopò klas mondyal pou Nouyòkè yo ak moun k ap vizite vil nou an. Nouvo Ayewopò LaGuardia a, premye nouvo gwo ayewopò ki te bati nan plis pase de deseni, mennen nou nan referans sa a. Antanke Prezidan Komite Sena a ki sipèvize Otorite Pòtyè a, mwen pa ka tann pou m travay avèk Port, MWBE ak lòt moun ki gen enterè yo pou wè plis pwojè transfòmasyon tankou Tèminal C a, ki fèt yon fason efisyen ak efikasite pou ede vil nou an ak ekonomi rejyonal nou rekipere li. Mwen felisite Gouvènè Hochul, zanmi nou yo ki nan travay ak nan metye yo, ak tout moun ki te pèsevere pandan yon moman difisil pou fè pwojè sa a fini."

Manm Asanble Jeffrion Aubry te deklare, "Nouvo Ayewopò LaGuardia a ofri vwayajè atravè lemond yo amelyorasyon modèn ak dènye finisman yon lòt tèminal. Li enpòtan pou sonje nouvo enfrastrikti New LaGuardia a gen ladan tou yon kantite biznis ak atis lokal. Antreprenè lokal sa yo reflekte gwoup divèsifye sou plan kiltirèl ki fè Queens, NY lakay yo. Biznis lokal yo te resevwa 800 milyon dola nan kontra pandan ke konpayi MWBE yo te resevwa yon kontra san parèy ki se 2 milya dola. Ann kenbe momantòm pwisan sa a pou entegre inovasyon ak kominote lokal yo pou avanse pou pi devan".

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Mwen kontan dèske renovasyon Ayewopò LaGuardia a prèske fini. Nouvo LaGuardia a pote yon nouvo eksperyans enkwayab pou vwayajè yo. Avèk gwo espas ki ranpli ak limyè, zèv atistik espektakilè, teknoloji ki lajman amelyore, ak konsesyon siperyè, Nouyòkè yo ak moun k ap vizite New York yo pral akeyi yo nan yon fason avanse. Mèsi ak konpliman pou Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè New York ak New Jersey, ak anpil gason ak fanm ki te travay pou fè Tèminal C ak nouvo LaGuardia vin yon reyalye."

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr. te deklare, "Premye nouvo ayewopò nan Etazini nan 25 ane ki fèt yon fason esansyèl, e mwen pa ta ka pi fyè dèske li isit la nan Queens. Anplis bèl bote nouvo Ayewopò LaGuardia a, pwojè redevlopman sa a te konsantre sou kominote a nan chak etap nan pwosesis la nan on nivo kontra 800 milyon dola pou biznis Queens yo e mwen rekonesan anvè tout patnè nou yo ki te ede fè li. Re-aparisyon Queens ap byen mache, epi LaGuardia se yon prèv vivan."

Manm Konsèy Vil New York Ian Francisco Moya te deklare, "Apati jodi a, Vil New York pral salye vizitè yo epi voye rezidan yo ale avèk estil. Nou se pi gwo vil nan mond lan epi Tou Nouvo Ayewopò LaGuardia pote pòtay nou an nan mond lan nan estanda sa a. Lè m te travay nan Ayewopò LaGuardia epi kounye a mwen reprezante li, lè m wè gwo investisman sa a nan kominote mwen an li fè m fyè. Konpliman pou tout moun ki te travay pou pote pwojè sa a soti nan yon dezi pou pase nan reyalite pou delivre yon eksperyans klas mondyal nan yon vil klas mondyal."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York, te deklare, "Eta enpòtan jodi a pou Tèminal C a se yon gwo reyalizasyon pou tout New York, paske vizyon pou yon Tou Nouvo Ayewopò LaGuardia deja transfòme an reyalite. Nou aplodi plizyè dizèn milye manm ki travay di nan Konsèy Metye ak Konstriksyon Greater New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York) ki te angaje tèt yo pou konstwi yon ayewopò ki pral byento gen renome mondyal. Gras ak tout moun ki patisipe nan pwojè ki pote siksè sa a, yon Tou Nouvo Ayewopò LaGuardia pral ede fasilite pi bon eksperyans posib pou moun k ap soti, k ap rive epi k ap travay nan ayewopò a."

Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare, "Finisman yon nouvo Tèminal C make yon etap enpòtan sou chemen pou reyalize yon sistèm ayewopò klas mondyal nan vil nou an. Sa a te reyalize atravè yon patenarya piblik-.prive sa ta dwe yon modèl pou pwochen jenerasyon enfrastrikti nan New York."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Queens (Queens Chamber of Commerce) Ian, Thomas Grech, te deklare, "Antanke pi ansyen ak pi gwo asosyasyon biznis nan Queens, nou kontan kanpe ak Gouvènè Hochul, ak zanmi nou yo nan Otorite Pòtyè ak Delta pou selebre ouvèti nouvo Tèminal C nan Ayewopò LaGuardia. Investisman istorik 4 milya dola sa a pou modènize LaGuardia pral yon ranfòsman nan rekiperasyon ekonomik rejyon nou an. Nou fyè de wòl manm Chanm yo, patikilyèman MWBE yo te jwe nan transfòmasyon LaGuardia, ki fè yon bèl travay pou montre istwa ak divèsite ki fè Queens tèlman espesyal."

Carlo A. Scissura, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Kongrè Konstriksyon New York la (New York Building Congress), te deklare, "Nou tout konnen blag yo sou ansyen LaGuardia a byen, yo te anile - nan pi bon fason posib! Ouvèti jodi a nan nouvo, Tèminal C espektakilè a se pwochen etap la nan direksyon pou inogire yon

eksperyans ayewopò ki konplètman re-imagine pou plizyè milyon pasaje yo ki konte sou LaGuardia pou biznis ak plezi. Nasyon nou an gen yon nouvo estanda pou vwayaj ayeryen modèn, epi li isit la nan Queens. Felisasyon ak tout moun ki enplike nan fè jou sa a vin yon reyalite, espesyalman Gouvènè Hochul, Direktè Otorite Pòtyè a Rick Cotton, PDG Delta Ed Bastian, epi asireman, fanm ak gason nan mendèv yo ki te konstwi bèl reyalizasyon sa a."

Direktè Egzekitif Jeneral OTG Management lan, Rick Blastein, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou fè patenarya ak Delta sou ouvèti nouvo Tèminal C a ki te prevwa depi lontan. Delta kontinye bay sèvis siperyè ki konsantre nèt sou eksperyans kliyantèl epi OTG kanpe dèyè valè sa yo tou. Li te enpòtan pou nou travay avèk Delta pou nou sekirize patnè lokal yo pou tèminal sa a enkli kolaborasyon ak ilistratè New York John P. Dessereau pou enspire nou de katye Italyen yo tankou Arthur Avenue nan vil New York nan Bronx. Nou fyè tou pou nou sèvi Orwashers Artisanal Buns, Pat LaFrieda Meats, Hella Cocktail Co ki baze nan Queen's, Butcher Girls Hot Dogs, LIC Beer Project ak pwodui ki soti nan Hudson Valley nan restoran lokal nou yo tankou Bubby's, Chuko Ramen ak plis ankò. Objektif nou se pote bay envite yo yon eksperyans imèsif ak teknoloji avanse ki vrèman mete aksan sou kuizin otantik ki soti nan restoran lokal yo ki vrèman enkòpore divèsite New York. Avèk dènye teknoloji nou an, kliyan yo pral gen plis fleksibilite sou eksperyans ayewopò yo lè yo kòmande sa yo vle, kote yo vle, dirèkteman nan aparèy mobil yo."

Prezidan East Elmhurst Corona Civic Association lan, Larinda Hooks, te deklare, "Otorite Pòtyè NY & NJ ak Delta vin pi bon vwazen nan East Elmhurst ak Corona. Yo te travay avèk dilijans ak East Elmhurst Corona Civic Association pou sipòte divès evènman kominotè, ede rezidan lokal yo jwenn travay, epi bay jèn yo bous detid. Yo pran angajman pou yo rete yon vwazen kominotè solid alontèm lè yo kenbe angajman ak patenarya nan nivo eleve."

Direktris Egzekitif Neighborhood Housing Services of Queens CDC Inc. a, Yoselin Genao Estrella, te deklare, "Nan non Neighborhood Housing Services of Queens, mwen felisite Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè New York & New Jersey, ak Delta Air Lines pou ouvèti nouvo tèminal klas mondyal sa a nan Ayewopò LaGuardia ke nou espere ke pasaje yo ka jwi epi tou, nou espere rezidan kominote ki antoure yo ka kontinye benefisye kreyasyon travay atravè LaGuardia Career Center. Anplis de sa, mwen bat bravo pou lidèchip yo paske yo koute kominote a lè yo enstale ekspozisyon atistik pèmanan an, ki pral montre ak selebre divèsite rich ak gwo kontribisyon imigran yo te fè nan Queens."

Yon Tou Nouvo LGA prèske fini sis ane apre premye lansman li

Transfòmasyon total 8 milya dola Ayewopò LaGuardia fè li se premye nouvo gwo ayewopò ke yo te konstwi nan Etazini nan 25 dènye ane yo. An 2015, yon plan konplè pou konstwi yon Ayewopò LaGuardia totalman nouvo te devwale avèk objektif pou kreye yon eksperyans pasaje 21èm syèk ak klas mondyal ki gen ladan nouvo tèminal ak pòtay, de nouvo sal datant sansasyonèl pou arive ak depa, ekipman modèn pou

kliyan yo, achitekti trè modèn, plis espas nan zòn pòtay yo ak yon sistèm tèminal ki konekte. Pwojè 8 milya dola a, ke yo ap finanse de tyè ladan li pa mwayen finansman prive ak frè pasajè aktyèl yo, te inogire an 2016.

Konstriksyon yon Nouvo Ayewopò LaGuardia te jenere yon montan rekò 2 milya dola nan kontra yo te bay ak Biznis Minorite ak Fanm yo Posede, ki se pi gwo patisipasyon antrepriz MWBE yo nan nenpòt pwojè patenarya piblik-prive nan istwa Eta New York. Pwojè a te demontre tou yon gwo konsantrasyon sou travay avèk kontraktè lokal yo; jiskaprezan, 800 milyon dola nan kontra yo te bay ak biznis lokal ki nan Queens yo.

Nouvo ayewopò a te konstwi an faz pou asire ke li rete totalman fonksyonèl epi li pa janm pèdi kapasite pandan tout konstriksyon an. Chak etablisman pasaje ki egziste deja, eksepte Marine Air Terminal istorik la, deja oswa pral demoli ak ranplase ak nouvo enstalasyon klas mondyal 21èm syèk.

An fevriye 2018, nouvo pakin Tèminal B a te ouvè avèk plis pase 3,000 espas pakin ak yon etaj ki konsakre pou Uber, Lyft ak lòt sèvis machin yo lokasyon yo. Nan mwa desanm 2018, yo te ouvri premye nan 18 nouvo pòtay yo ak premye nouvo sal datant Tèminal B a. Nan mwa novanm 2019, Delta te ouvri premye nouvo sal datant li a ak sèt nouvo pòtay nan Tèminal C a. An jen 2020, nouvo Sal Arive ak Depa ki plen ak limyè a nan Tèminal B te ouvri nan mitan defi pandemi Covid-19 la. Avèk ouvèti Tèminal C a, nouvo rezo wout ayewopò a ap fini ak 13 km nouvo wout ak 24 nouvo pon. Nan mwa janvyè 2022, ayewopò a te selebre finisman enstalasyon pasaje Tèminal B yo ki gen ladan dezyèm pon ayeryen pou pyeton li an kòm youn nan karakteristik achitektirèl anblematik ayewopò a.

Otorite Pòtyè nan New York ak New Jersey se yon ajans bi-etatik ki bati, opere, ak kenbe anpil nan byen resous enfrastrikti transpò ak enfrastrikti komès ki pi enpòtan nan peyi a. [Pandans plis pase yon syèk](#) rezo avyasyon, tèren, tren, ak etablisman pò maritim ajans lan antre pami sa ki pi okipe nan peyi a, sipòte plis pase 550,000 anplwa rejyonal, ak jenere plis pase 23 milya dola nan salè anyèl ak 80 milya dola nan aktivite ekonomik chak ane. Otorite Pòtyè a posede epi jere kanpis World Trade Center 6 ekta, ki resevwa plizyè milyon vizitè chak ane ak plizyè dizèn milye travayè biwo yo. Otorite Pòtyè a pa resevwa okenn revni taks ni nan eta New York, ni nan New Jersey, ni nan vil New York. Ajans lan ranmase lajan ki nesesè pou amelyorasyon, konstriksyon oswa akizisyon enstalasyon li yo sitou ak pwòp kredi li. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn mizajou nan blòg Now Arriving lan, tanpri, vizite <https://www.panynj.gov/blog>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)